

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dongéng disawang masih kénéh réa di masarakat Cibadak. Cibadak téh salasahiji kota leutik nu aya di Kabupatén Sukabumi. Matak disebut Cibadak téh cenah mah tina kecap “ci” (cai) jeung “badak”, tapi teu sakabéh masarakat Cibadak apal kana dongéng sasakala Cibadak. Ku kituna, Cibadak miboga poténsi pikeun dijadikeun lokasi panalungtikan. Ku ieu panalungtikan, dongéng-dongéng éta bisa diinvéntarisasi tur masarakat bisa apaleun naon waé dongéng nu aya di Cibadak.

Tujuan umum dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun ngainvéntarisasi dongéng-dongéng nu sumebar di masarakat Kacamatan Cibadak Kabupatén Sukabumi, jeung hasilna baris dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng nu aya dina KIKD SMP kelas VII, sedengkeun tujuan hususna nyaéta, mikanyaho dongéng naon waé anu masih kénéh aya di Kacamatan Cibadak, mikanyaho struktur instrinsik jeung ajén moral dina dongéngna, jeung mikanyaho cocog jeung henteuna dongéng anu sumebar jeung KIKD SMP kelas VII.

Téori anu dilarapkeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan dongéng, pangajaran maca, jeung bahan pangajaran. Méthode anu digunakeun nyaéta méthode déskriptif-kualitatif, sedengkeun téhnikna nyaéta obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi pikeun bukti panalungtikan.

Dongéng anu kainvéntarisir ti hiji kalurahan sarta lima désa anu aya di Cibadak téh jumlahna aya 21 dongéng ti lima narasumber. Tina 21 dongéng éta, 19 di antarana kaasup kana dongéng sasakala, dua deui kaasup dongéng sato. Tina 21 dongéng anu ka kumpulkeun, genep diantarana saluyu jeung KIKD tur cocog pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca bahasa Sunda di SMP. Téma anu aya dina 21 dongéng anu ka kumpulkeun ieu, nyaéta hiji téma kaagamaan, dalapan téma sosial, 11 téma sajarah/asal-usul, tur hiji téma kulawarga. Galur anu aya dina 21 dongéng ieu nyaéta galur maju. Ajén moral anu kapanggih tina 21 dongéng anu ka kumpulkeun nyaéta 15 dongéng anu kaasup kana ajén moral ngeunaan

kahadéan, dua dongéng anu kaasup kana ajén moral ngeunaan kapancegan, opat dongéng anu kaasup kana ajén moral ngeunaan kayakinan/kapercayaan.

Dongéng téh basa prosa anu miboga alur carita, tokoh, jeung konflik, tapi tina 21 dongéng anu kakumpulkeun ieu, aya sababaraha dongéng anu teu mibanda tokoh jeung konflik. Padahal dongéng téh mibanda tiang, tiang di dieu nyaéta carita, dina carita aya konflik. Jadi sababaraha dongéng anu teu miboga tokoh jeung konflik ieu ngan saukur dongéng salancar.

5.2 Saran

Ieu saran ditujukeun pikeun:

1. Pikeun Panalungtik

Panalungtik ngan saukur ngalakukeun panalungtikan pikeun ngumpulkeun dongéng naon waé anu masih kénéh aya jeung sumebar di Kacamatan Cibadak sarta nganalisis unsur instrinsik jeung ajén moral anu aya dina dongéngna, jadi dipihareup aya anu ngalakukeun panalungtikan anu leuwih jero.

2. Pikeun Guru

Hasil panalungtikan ngeunaan dongéng anu aya di Kacamatan Cibadak ieu bisa dijadikeun pikeun bahan pangajaran basa Sunda di SMP. Guru teu kudu matuh waé ngandelkeun tina LKS jeung buku pakét sabab dongéng anu aya biasana teu saluyu jeung wewengkon sarta kurang ngaronjatkeun minat siswa ka wewengkonna sorangan upama ngandelkeun dongéng anu geus biasa digunakeun dina buku pakét atawa LKS.

3. Pikeun Pamaréntah Sukabumi

Pamaréntah Sukabumi salian ti merhatikeun pangwangunan fisik jeung matérialna wungkul tapi ogé kudu merhatikeun kana kabeungharan budaya jeung sastra utamana sastra lisan anu aya di Sukabumi, contona

dongéng salaku poténsi jeung ciri hiji masarakat anu aya di éta wewengkon.

